

Meera Joshi
Manm
Komisyon/Prezidan

Allan J. Fromberg
D/C Afè Piblik
frombera@tlc.nyc.gov

Rebecca Harshbarger
harshbargerr@tlc.nyc.gov
Ajan Afè Piblik

212-676-1013

33 Beaver Street
22nd Floor
New York, NY 10004

Chofè ki Patisipe yo Pral Touche 1\$ dola an plis pou Deplasman Aksesib nan WAV Jòn yo

Se ak anpil plezi Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) Vil New York la ap anonsé kounye a chofè taksi medayon yo pral touche \$1 dola an plis pou nenpòt deplasman yo bay nan yon veyikil (WAV) ki aksesib pou chèz woulant (taksi jon). Ogmantasyon sa a double \$.50 santim pa deplasman chofè yo te konn touche a. Pasaje yo pral kontinye peye menm frè siplemantè Fon Amelyorasyon Taksi (Taxi Improvement Fund, TIF) a ki 30 santim.

Manm Komisyon Meera te di "Chofè pwofesyonèl yo jwe yon kokennchenn wòl pou fè Vil New York vin pi aksesib ak ekitab pou pasaje ki gen andikap yo." "Sa pral bay chofè ak lisans TLC yo plis mwayen pou fè lajan pandan y ap ofri sèvis enpòtan sa a pou piblik ki bezwen sèvis transpò yo."

Victor Calise, Manm Komisyon Biwo Majistra a pou Moun ak Andikap te di "Rekonpans sa a pral ede agrandi ekip chofè yo epi ogmante kantite taksi aksesib ki genyen nan senk (5) Minisipalite yo." "Sa pral kreye yon enpak pozitif sou kalite vi moun ki gen andikap k ap travay, k ap viv, epi k ap vizite Vil nou an."

TIF te bay chofè ak pwopriyetè taksi yo opòtinite pou fè lajan depi pwogram nan te lanse an 2016.

- Depi janvye 2016, nou te peye près \$6 milyon dola nan peman TIF bay chofè ki gen machin ki aksesib pou taksi yo, epi sa gen ladan plis pase \$1.5 milyon ane sa a poukont li.
- Pwopriyetè taksi aksesib yo te resevwa plis pase \$34 milyon dola nan peman TIF ki te ede konpanse pou machin yo te achte ak depans chè pou antretyen machin depi janvye 2016, epi plis pase \$4.5 milyon an janvye 2018.
- Apati me 2018, 4,285 chofè ki gen lisans TLC te enskri pou resevwa peman TIF, epi se menm nan pou 2,123 pwopriyetè taksi.
- Chofè yo te resevwa yon mwayèn prèske \$90 dola chak de (2) semèn nan Fon Amelyorasyon Taksi a.

Pou patisipe nan pwogram Fon Amelyorasyon Taksi a, chofè yo dwe enskri la a: http://www.nyc.gov/html/tlc/downloads/pdf/tif_driver.pdf.

REMAK: Peman \$1 dola a se an plis tarif ki sou kontè a.

Komisyon Taksi ak Limouzin (Taxi and Limousine Commission, TLC) Vil New York te kreye an 1971, epi li se ajans ki responsab pou kontwole ak bay lisans pou taksi yo, pou veyikil ki disponib pou travay yo, chofè yo, ak biznis ki opere ak soutni endistri yo. Yo rekonèt li kòm

pi gran enstitisyon ki kontwole taksi ak veyikil ki disponib pou travay Ozetazini epi se li ki pi aktif tou.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou TLC, oswa pou w ka gade règ, regleman, ak pwosedi li yo, nou ankouraje ou ale sou sitwèb ofisyèl nou nan www.nyc.gov/taxi.

--30--